texnologik yangiliklar va global hamkorlik orqali jamiyatni rivojlantirishdagi roli keltirilgan. Shuningdek, maqolada ta'lim tizimining iqtisodiy o'sish, siyosiy barqarorlik va madaniy tolerantlikni shakllantirishdagi ahamiyati misollar va statistik ma'lumotlar bilan yoritiladi. Oliy ta'lim tizimining ijtimoiy mobilitet, fuqarolik jamiyati, va global raqobatdagi o'rni tahlil qilinib, uning jamiyatni kelajakda muvaffaqiyatli va barqaror rivojlanishiga qanday hissa qo'shishi ko'rsatilgan. Maqola oliy ta'limning jamiyatdagi umumiy ahamiyatini chuqur anglashni ta'minlashga qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной научной статье всесторонне анализируется значение высшего образования в обществе. В статье подробно рассматривается, как высшее образование влияет на развитие общества в научной, социальной, экономической и политической сферах, его роль в инновационном развитии, создании знаний, подготовке высококвалифицированных кадров и обеспечении социального равенства. Представлена роль высших учебных заведений в развитии общества посредством научных исследований, технологических инноваций и глобального сотрудничества. Также в статье с примерами и статистическими данными подчеркивается значение системы образования в формировании экономического роста, политической стабильности и культурной толерантности. Анализируется роль системы высшего образования в социальной мобильности, гражданском обществе и глобальной конкуренции, а также то, как она способствует успешному и устойчивому развитию общества в будущем. Цель статьи – обеспечить глубокое понимание общей значимости высшего образования в обществе.

**SUMMARY.** This scientific article comprehensively analyzes the importance of higher education in society. The article discusses in detail how higher education affects the development of society in the scientific, social, economic and political spheres, its role in innovative development, knowledge creation, training of highly qualified personnel and ensuring social equality. The role of higher education institutions in the development of society through scientific research, technological innovations and global cooperation is presented. Also, the importance of the education system in the formation of economic growth, political stability and cultural tolerance is highlighted in the article with examples and statistical data. The role of the higher education system in social mobility, civil society, and global competition is analyzed, and how it contributes to the successful and sustainable development of society in the future. The article aims to provide a deep understanding of the general importance of higher education in society.

# MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER TAWÍN BASQARÍWDA BASSHÍǴA QOYÍLATUǴIN TALAPLAR

**Orazbaeva Dilnaz Dauletbay qızı**
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*
*"Mádeniyat hám kórkem óner tarawı menejmenti" 2-kurs magistrantı*
*Ilimiy basshı:* ***Saparbaeva Gulshira Abatbaevna***
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı*
*Nókis filialı docenti*

**Tayanısh sózler:** basshı, is-usılları, basqarıw, motivaciya, shólkemlestiriw, rejelestiriw.
**Ключевые слова:** лидер, деловые стили управлять, мотивация, организация, планирование.
**Key words:** leader, working methods, management, motivation, organizing, renovation.

Mámleketimizde Prezidentimiz baslaması menen barlıq tarawlarda turmısqa qollanılıp atırǵan perspektivalı joybarlar, orınlarda ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli jumıslar xalqımızdıń tek ǵana turmıs tárizin jaqsılap qoymastan bálki dúnyaǵa kóz-qarasın da túpten ózgertip atır. Ásirese mádeniyat hám kórkem óner tarawında ámelge asırılıp atırǵan nátiyjeli is-ilajlar kózdi quwandıradı. Mámleketimiz basshısınıń atap ótkenindey, mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner rawajlanbasa, jámiyet rawajlanbaydı degenindey rawajlanıwdıń anıq nátiyjesi baylıq yamasa kúsh-qúdıret dárejesi menen emes, milliy mádeniyat qanshelli shıńǵa kóterilgenligi menen ólsheniwi tiykarında tariyxıy mısallar kóp. Mısalı, inglis kórkemónertanıwshı alımı F.R.Martin "Temuriylar sıyaqlı kórkem óner hám mádeniyattı qádirleytuǵın húkimdar Oraylıq Aziyada hesh waqıtta bolmaǵan", dep jazadı.

Biz búgin bárshemiz Respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan ózgerisler insan mápleri ushın xızmet qetetuǵın jańalanıwlardıń gúwası bolıp atırmız. Búgingi kúnde Ózbekstannıń jańa tariyxın jaratıw, materiallıq hám materiallıq emes

mádeniy miyras dúrdanaların asırap-abaylaw, xalıq awızeki dóretiwshiligi hám háweskerlik kórkem ónerin jánede keń en jaydırıw, elimizdiń jáhán mádeniy makanına belsendi integraciyalasıwın támiyinlew, mádeniyat hám kórkem óner tarawın innovaciyalıq rawajlanıwına qaratılǵan sistemalı basqarıw is-ilajlar ámelge asırılıp kelinbekte. Respublikamızdıń eń shetki aymaqlarında jasıp atırǵan insanlardıń sonıń menen bir qatarda jaslardıń sanasına kórkem ónerimiz benen milliy mádeniyatımızdı sińdiriw, mádeniy sawatqanlıǵın asırıw, olardi milliy hám ulıwma insanıy mádeniyattıń eń joqarǵı úlgileri menen tanıstırıw hám sol tiykarda ruwxıy jaqtan jetilisken bárkamal insanlardı tárbiyalaw, jas talant iyeleriniń qábiletlerin júzege shıǵarıw maqsetinde keń kólemli nátiyjeli isler ámelge asırılmaqta. 2017-jıl 3-avgust kúni jurtbasshımız mámleketimiz dóretiwshi zıyalıları wákilleri menen ushırasıwında tómendegi bahalı pikirlerin keltirip ótken edi. “Ózbekstanda ádebiyat hám kórkem óner, mádeniyat, ǵalaba xabar quralları, ruwxıy hám aǵartıwshılıq bizneske aylanbawı shárt hám biz buǵan heshqashan jol qoymaymız. Biziń háwes etse arzıytuǵın ullı tarıyxımız bar, háwes qılsa arzıytuǵın ullı babalarımız bar. Háwes qılsa arzıytuǵın biybaha baylıqlarımız bar, hám men isenemen, nesip etse háwes qılsa arzıytuǵın ullı keleshegimiz, ullı ádebiyatımız hám kórkem ónerimiz de álbette boladı” dep atap ótkenindey házirgi kúnde mádeniyat hám kórkem óner tarawında kóplegen nátiyjeli is-ilajlar ámelge asırılıp tarawdıń elede rawajlanıwına jol ashıp berilmekte.

Házirgi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi sistemasında jámi 98 mádeniyat mákemeleri bolıp sonnan 3 mámleketlik teatr, 5 mámleketlik koncert shólkemleri, 60 mádeniyat orayları 2 qánigelestirilgen mádeniyat hám kórkem óner mektebi, 1 internat, 24 balalar muzıka hám kórkem óner mektepleri, 2 joqarı oqıw ornı, 1 Respublikalıq kózi ázziler kitapxanası hám onıń 9 filialı jumıs alıp barmaqta. Bul mákemelerdiń hárbirin basqarıw, jumıs alıp barıwın támiyinlew, rawajlandırıw eń dáslep mákeme, shólkem basshısına júkletilgen wazıypa esaplanadı. Al, bul jumıstı nátiyjeli alıp barıw bolsa insannan óz aldına úlken kúsh jiger talap etedi.

Házirgi waqıtta basqarıw tarawında basshınıń mádeniyatına qarama-qarsı keletuǵın ayırım jaǵdaylarda kózge taslanadı. Solardan mádeniyat mákemelerinde zamanagóy ásbap-úskenelerden nátiyjeli qollanıw isleri joqarı shólkemleskenlik dárejede paydalanılmay atırǵanlıǵı, xızmetkerlerdiń miynet haqısı kem bolıwı, olardıń miynetlerin bahalap ústemeler belgilewde ádalatlı aqılǵa say jandasa almay atırǵanlıǵı, dóretiwshilik hám sociallıq belsendiligi, baslamashılıq, shólkemlestiriwshilik qábiletleriniń tómen dárejede ekenligi, eń tiykarǵısı basshınıń óz jumısına bolǵan pidayılıǵınıń kórsetkishleri házirgi kúndegi basqarıw iskerligindegi mashqalalardan esaplanadı.

Basshı qashan el jurt isenimin aqlay aladı? Qashan júregi qolı taza, kewili ashıq, aqıl hám zakawat penen jumıs alıp barsa, tábiyatınan epshillik penen bilim, shaqqanlıq penen ádalat uyǵın bolsa, ol ózi basqaratuǵın adamlardıń ǵam-táshwishlerin basınan ótkere alıw qábiletlerine iye bolsa ǵana xalıqtıń isenimin aqlay aladı.

Basshı.

- joqarı dárejedegi shólkemlestiriwshi, tınım bilmes dóretiwshi, ózine isengen,
- isbilermen, baslamashı,
- qıyın máselelerge tes sheshim taba alatuǵın, jámáátti izinen erte alatuǵın, óz isiniń ustası,
- basqarıwda tejewge itibarlı bolıwı,
- wádesiniń ustinen shıǵatuǵın bolıwı kerek. [1.20-b]

Basqarıw bul barlıq tarawlarda bar bolıwına qaramastan mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı shólkemlerdi basqarıw ondaǵı is alıp barıp atırǵan xızmetkerlerdi basqarıwdıń ózide bir kórkem óner desek qátelespeymen. Sebebi kórkem ónerge janı qumar bolǵan názik tábiyatlı insanlar menen birge islesiw olardıń islegen jumıslarına baha beriw de ańsat is emes. Sonlıqtanda basqarıw haqqında aytqanda jetik danıshpanlardan biri “Dúnyada eń qıyın kórkemóner basqarıw kórkem óneridur” dep atap ótken.

Menejerdıń professional iskerliginiń birinshi qásiyeti – bul oniń juwapkershiligi. Bul haqqında tanıqlı mádeniyattanıwshı alım U.Qoraboev “Madaniyat masalalari” atlı kitabında tómendegishe pikirlerdi bildirgen.

Juwapkershilikli adam isenimli boladı. Isenimli adamlar jámiyetke júdá kerek. Sebebi olar jámiyet rawajlanıwına óz úleslerin qosadı. Sonıń ushın juwapkershilik insannıń eń áhmiyetli pazıyletlerinen birine aylanǵan. [2.94-b]

Madeniyat orayları - túrli jónelisler hám kórkem ónerdiń barlıq tarawları boyınsha dúzilgen háweskerlik dógerekleri, mádeniy aǵartıwshılıq hám dem alıw iskerligin qollap-quwatlaw hám rawajlandırıwdı támiyinleytuǵın mámleketlik mákeme esaplanadı. Bunday mákemeni basqarıw bolsa insannan úlken juwapkershilikti talap etedi. Mákemeni basqarıwda basshı búgingi kúnin hám erteńin oylap is alıp barıwı kerek boladı. Basqarıw waqtında basshıǵa

qoyılatuǵın eń tiykarǵı talaplar tómendegiler bolıp esaplanadı.

-zamanagóy usılda pikirlew,

-máselege tez sheshim taba alıw,

-jaqsı qarım –qatnasta bolıw.

Máseleni anıqlaw hám oǵan tezlik penen nátiyjeli sheshim taba alıw da basshıdan úlken sheberlikti talap etedi. [3. 117-b]

Ulıwmalastırıp aytqanda házirgi kúnde kórkem óner tarwında basshı is alıp barıwı menen bir qatarda óz ústinde islewi izleniwi, zaman menen teń adım atıwı, hám sonıń menen birge qol astında islep atırǵan xızmetkerlergede motivaciya bere alıwı kerek. Sebebi mákemeniń qay dárejede jumıs alıp barıwı, rawajlanıwı tikkeley basshıǵa baylanıslı.

Basshı óz iskerligi dawamında mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı ámeliy proceslerdi, tariyxıy jazba dereklerdi tereń úyreniwi, taraw wazıypaları, jónelisleri, tiykarların jaqsı biliwi kerek. Basshıdaǵı joqarı aqıl-zakawat, keń dúnya-qaras, zamanagóy maǵlıwmatlardan xabarar bolıw, mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı bárshe jetiskenliklerdi ámelyatqa engiziw, jańa dawıslar, jańa talantlılardı izlep tabıw ol alıp barıp atırǵan iskerlikke tiykar bolıp xızmet etedi. [4.77-b]

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. D.Qurbonov “Madaniyat va san’at sohasini boshqaruvi rahbarlarning vazifalari” maqolası. 20-bet. Ilim fan va innovaciya ilmiy-amaliy konferenciyasidan 2023j.

2.A.Nurullaev. “Sanat menejmenti va marketingi” Toshkent 2023-j 94-bet.

3.A.Haydarov “Madaniyat va san’at sohasini boshqarish asoslari” Toshkent 2016-j. 117-bet

4. “ Kórkem óner hám mádeniyat xabarshısı” ilimiy-metodikalıq jurnalı, Nókis 2024-jıl. № 2- san. 77-bet.

**REZYUME.** Bul maqalada házirgi kúnde mámleketimizde kórkem óner hám mádeniyat tarawında islenip atırǵan jańa is-ilajlar, kórkem óner mákemelerinde basshılardıń iskerligi, hám olarǵa qoyılatuǵın talaplar haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится о работе, которая в настоящее время ведется в сфере искусства и культури в нашей стране, деятельности руководителей чхудожественних учреждений и требованиях к ним.

**SUMMARY.** This article talks about the new reforms in the field of art and culture in our country, te activities of leaders in art institutions, and the demands placed on them.

## RUWXÍY JETIKLIK INSAN KAMALATÍ

**Saparbaeva Gulshira Abatbaevna -** *docent*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** madaniyat, ma’naviyat, bo‘sh vaqt, xalq ijodiyoti, tanlov, madaniyat markazi, havoskorlik.

**Ключевые слова:** культура, духовность, свободное время, народное искусство, конкурс, культурный центр, самодеятельность.

**Key words:** culture, spirituality, free time, folk art, competition, cultural center, amateur performances.

Jańa Ózbekstannıń rawajlanıwı menen mámleketimizde alıp barılıp atırǵan ekono-mikalıq, siyasıy jumıslar menen bir qatarda, mádeniy - aǵartıwshılıq, huqıqıy hám tálim - tárbiyalıq tarawlarda kóplegen reformalar ámelge asırılmaqta. Usı baǵdarda mádeniyat hám kórkem ónerge baylanıslı tálim-tárbiyanıń mazmunında jurt tınıshlıǵı, Watanmızdıń rawajlanıwı, insanlardıń ruwxıy jetikligin joqarılatıw sıyaqlı túsiniklerdiń áhmiyetli jemisi ata babalarımızdan miyras qádiriyatlarımızdı qádirlew, milliy-ligimizdiń dúrdanaların áwladtan-áwladqa jetkerip beriwde juwapkerli wazıypalar belgilengen. Xaqımızdıń ruwxıylıǵın joqarılatıwda, olardı pák hám hadal jasawǵa shaqırıw, óz pikirine iye bolıw, jaslar arasında salamat immunitetti qáliplestiriw sıyaqlı pazıyletlerdi rawajlandırıwda milliy hám dúnya mádeniyatınıń eń jaqsı úlgilerin úgit-násiyatlaw hám xalıq sanasına sińdiriw, ósip kiyatırǵan jas áwladtı, zamanagóy jaslardı tárbiyalaw, milletke, tariyxqa, insaniyatqa bolǵan